

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK
JEWOGRAFI JENERAL**

Mèkredi 24 Janvyè 2018 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Ki sous prensipal ki ta pi ka bay pèspektiv yon nasyonalis Endyen?

- (1) yon antre jounal pèsònèl yon patisipan endou nan Mach Sèl la
- (2) yon lèt vis wa anglè a ekri bay yon manm nan Palman an nan peyi Lend
- (3) yon penti nan Masak Amritsar la yon misyonè kreyen te kreye
- (4) yon dokiman Nasyonzini sou patisyon Britanik yo nan peyi Lend

2 Peryòd grangou, lagè, ak pèsèkasyon relijye pi souvan enfluyans desizyon moun yo pou yo

- (1) konsantrè fèm yo
- (2) emigre soti nan yon rejyon
- (3) elaji teritwa yo
- (4) endistriyalize yon zòn

3 Ki pwoblèm anviwònman te rankontre fas ak premye sivilizasyon nan peyi Mezopotami, peyi Lejip ak Lachin?

- (1) gwo destriksyon forè twopikal pou jwenn bwa pou fè gwo konstriksyon
- (2) ewozyon ki lakoz lapli mennen chak ane plis pase 100 pous tè ale
- (3) inondasyon katastwofik ki detwi rekòt ak tout vilaj
- (4) vwa navigab yo ki pa navigab pifò tan nan ane a

4 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- I. _____
- A. Peryòd lagè eta yo
 - B. Devlopman mouvman konfisyonis la
 - C. Devlopman mouvman dawoyis la

- (1) Anpi Maurya
- (2) Dinasti Zou
- (3) Wayòm Maya yo
- (4) Site Eta Grèk yo

Sèvi ak tablo ki ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5.

Zòn nan Anpi Women an	Byen machandiz nan zòn sa yo
Lagrès	mab
Kataj	luil doliv
Ejip	len
Bretay	fè blan

5 Ki jeneralizasyon ki te fèt sou Anpi Women an selon enfòmasyon yo montre nan tablo sa a?

- (1) Lavil Wòm fè kòmès sèlman nan anpi an.
- (2) Ekspansyon anpi a bay aksè a machandiz komès varye.
- (3) Luil doliv te pi enpòtan nan tout machandiz komès Women an.
- (4) Zòn yo konkeri yo te oblije fè konstriksyon ak mab ki soti nan peyi Lagrès.


6 Ki aksyon ki pi asosye avèk beny pèlren yo te konn konn pran nan Rivyè Ganj nan Varanasi?

- (1) vizite yon sit sakre pou endou yo
- (2) suiv ansèyman Jezi yo
- (3) prepare yo pou yo antre nan yon chapèl Shinto
- (4) ofri lapriyè kote Siddhartha Gautama te fèt la

7 Nan kòmansman peryòd fewodal Ewopeyen an, agrikilti sibzistans ak ekonomi endepandan yo pi souvan asosye avèk

- (1) sistèm manoryal la
- (2) mouvman enklizyon an
- (3) kwasans nan komès
- (4) entwodiksyon machin ki mache ak wou

Sèvi ak òganizatè grafik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 la.



Sous: Farah and Karls, *World History: The Human Experience*, Glencoe/McGraw-Hill

8 Yon deklarasyon ki valab konsènan Legliz Katolik pandan Mwayennaj yo sè ke li

- (1) emansipe sèf nòb yo
- (2) rejte pouvwa ak richès
- (3) kenbe lame pou wa a
- (4) bay sèvis sosyal ak edikasyon

9 Ki sitiyasyon ki se rezilta ki lakoz Anpi Bizanten an kote l ye la?


- (1) Konstantinòp te vin yon sant enpòtan nan komès ak konesans.
- (2) Tik Sèldjouk yo te pwoteje epi defann lidè Byzanten yo.
- (3) Moskou te vin sant relijye pou tout kretyen Otodòks yo.
- (4) Anperè Byzanten an te kapab konkeri zòn nan Kore rive Espay.

10 Nan kòmansman ane 1600 yo, ki pwoblèm konsènan kontak ant ewopeyen yo ak japonè yo ki te yon zòn prensipal nan enkyetid pou rejim Tokougawa a?

- (1) Ewopeyen yo ta ka entèfere nan tradisyon kiltirèl Japon an.
- (2) Travayè ewopeyen yo te pran nan travay japonè yo.
- (3) Ekspòstasyon japonè yo pa t konpetitif nan mache ewopeyen yo.
- (4) Ewopeyen yo te kapab gen kontwòl nan min chabon Japon an.

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.

Rezo Komès Oseyan Endyen: Dizyèm pou Rive Sizyèm Syèk



Sous: Kevin Shillington, *History of Africa*, Revised Edition, St. Martin's Press (adapte)

11 Itilize enfòmasyon yo bay nan kat jeyografik sa a, yon konklizyon ki valab w ap kapab tire sou rezo komèsyal Oseyan Endyen yo sè ke yo anpeche

- (1) anpeche kwasans nan lavil afriken bò lanmè yo
- (2) anpeche kontak kiltirèl ant Lafrik ak Pès
- (3) konekte peyi Lend nan Mwayen Oryan ak nan Lafrik de Lès
- (4) ankouraje migrasyon ant afriken nan lwès yo ak Lafrik de Lès

12 Sèvi ak kat jeyografik sa a, ki faktè jeyografik ki dirèkteman afekte tan an ak wout pou vwayaje ak komès sou oseyan Endyen an?

- | | |
|-----------------------|-------------|
| (1) dezòd | (3) kot yo |
| (2) zile ki gen pò yo | (4) monsoun |

13 Richès ak pwosperite Mali ak Songay te depann kontwòl yo te genyen sou komès la nan

- (1) chabon ak dlo
- (2) fè ak kuiv
- (3) lò ak sèl
- (4) te ak koton

14 Renesans la nan lwès Ewòp te yon peryòd ki te note pou

- (1) konfli ame pou kontwole tè Sent Lan
- (2) ogmantasyon sistèm feyodal la nan rejyon Mediterane a
- (3) mouvman an mas kote pèp la soti nan zòn iben yo pou rive nan zòn riral yo
- (4) yon chanjman soti nan yon konsantrasyon espirityèl pou ale nan yon sans imanite

15 • Yo te konstwi Site Entèdi a kòm kay pou anperè a ak fanmi li.

- Yo vin konnen pòslèn ble e blan atravè lemond.
- Zheng He vwayaje nan “oseyan lwès yo.”

Ki sivilizasyon ki pi byen mache ak avèk evènman sa yo?

- (1) Aztèk
- (2) Pèsik
- (3) Chinwa
- (4) Aksòm

16 Gouvènman nan peyi Espay ak Pòtigal patwone eksplorasyon ak ekspansyon aletranje nan fen lane 1400 yo ak nan ane 1500 yo paske yo

- (1) te vle epis ki santi bon ki soti nan peyi Lend yo
- (2) dwe alejans kalifa Islamik yo
- (3) te bat militè Anpi Otoman an
- (4) te manke aksè nan Afrik Nò

17 • Chinwa yo te aplike lide Manda Selès pou gouvènman yo.

- La Frans akòde wa yo dwa diven.

Deklarasyon sa yo montre yon resanblans nan fason kilti sa yo

- (1) sipòte menm prensip relijye
- (2) jistifye dwa pou yo dirije
- (3) kreye monachi limite
- (4) ankouraje egalite ekonomik

Sèvi ak desen ki pi ba ak konenans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 18.



Sous: Miguel León-Portilla, ed., *The Broken Spears: The Aztec Account of the Conquest of Mexico*, Beacon Press

18 Ki enpak sitiyasyon ki parèt nan desen sa a genyen sou koloni espanyòl yo ann Amerik?

- (1) Vis wa espanyòl yo te ogmante salè pou travayè endijèn yo.
- (2) Yo te anplwaye yon gwo kantite imigran espanyòl pou travay nan min kolonyal yo.
- (3) Kantite rebelyon nan mitan elit espanyòl yo te menase destabilize koloni yo.
- (4) Gwo pousantaj moun ki mouri nan mitan pèp endijèn te pouse espanyòl yo enpòte esklav afriken.

19 Ki deklarasyon ki pi byen ekspri lide Revolisyon Syantifik yo?

- (1) Otorite relijye yo responsab pou konprann ak entèprete nouvo enfòmasyon yo.
- (2) Sipèstisyon ak maji se de aspè enpòtan nan mond natirèl la.
- (3) Lide syantifik yo ta dwe konfòm ak sistèm panse ki egziste yo.
- (4) Moun yo ta dwe itilize rezon ak eksperimantasyon pou yo konte konklizyon syantifik yo.

20 Toussaint Louverture pi byen mache avèk dirijan revolisyon nan

- (1) Meksik
- (2) Chili
- (3) Ayiti
- (4) Venezyela

Sèvi ak desen ki anba la ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.

EFÈ YON GRÈV SOU KAPITALIS LA ak SOU TRAVAYÈ



Sous: *Punch*, 1852

- 21 Ki deklarasyon ki reflekte tout efè travay yo jan yo montre sa nan desen sa a?
- (1) Travayè yo dwe pran yon vakans byen peye.
 - (2) Travayè yo prive de revni yo epi yo soufri anpil.
 - (3) Anplwayè yo ka jere biznis yo lakay yo.
 - (4) Anplwayè yo jeneralman satisfè demann travayè yo byen vit.
- 22 Sèvi ak desen sa a pou di ki politik gouvènman ki gen plis chans enfluyanse sitiyasyon moun k ap travay la ap fè fas?
- (1) lesefè
 - (2) sifraj inivèsèl
 - (3) limite imigrasyon
 - (4) lwa sou sante piblik

23 Ki faktè ki te ede ris yo pou bat twoup Napoleon yo?

- (1) blokis naval yo
- (2) sistèm telegraf
- (3) taktik blitzkryèg
- (4) kondisyon klimatik difisil

24 Apre 1880, sa ki te motive kolonizasyon ewopeyen an se te

- (1) anpresman pou akteri teknoloji afriken
- (2) bezwen pou yo ogmante pwodiksyon sik
- (3) dezi pou nouvo mache
- (4) demann pou travay nan Amerik

25 Objektif prensipal Rebelyon Boksè a se te pou

- (1) fini ak enfluyans etranje nan Lachin
- (2) prezante Marxism nan Azi de Lès
- (3) ogmante enpòtasyon an nan opyòm nan peyi Lachin
- (4) chanje refòm ke Sun Yixian (Sun Yat-sen) te kòmanse

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 26 jiska 28.

. . . Pi bon metòd la—e se sou metòd sa peyi [Grann Bretay] pral ensiste sou li a—se separe tout rezidan alman yo. Konsa pap gen okenn move tretman, men yo dwe kenbe yo anba yon siveyans strik. Yon nonm onèt pral konprann sa yo rele nesosite a, epi li pap plenyen; epi li pral mete yon bout nan aktivite sila ki malonèt la. Gen yon lòt bagay ki dwe fèt. Fòmalitye natiralizasyon nan peyi sa a trè senp, epi yon fwa yon etranje vin natiralize li franchi yon limit kote li kite pouvwa lapolis. Gen rezon ki fè nou kwè ke gen yon sèten kalite alman ki natiralize ki trè danjere. Yo ta dwe bay pouvwa pou anile sètifika natiralizasyon yo tanporèman, epi lè sa nesese yo ta dwe trete moun ki natiralize ak etranje yo menm jan.

Sa ka sanble yon mezi ki difisil, men lagè se yon bagay ki difisil. Lè sòlda nou yo ak maren yo ap bay lavi yo pou peyi yo, sa sanble yon eskandal si nou mete travay yo a an danje si nou ap dòmi nan yon sans [nou pa poze aksyon] nan kay la. . . .

— “The Alien Peril,” *The War: Nelson’s Picture Weekly*, October 31, 1914

26 Lide prensipal nan pasaj sa a se ke pandan tan lagè a

- (1) yo ta dwe limite siveyans strik
- (2) move tretman pou etranje yo ta dwe envestige ak anpil atansyon
- (3) lapolis ta dwe gen pouvwa pou natiralize etranje yo
- (4) dwa kèk moun ta dwe sispann pou byennèt tout moun

27 Rezònman yo prezante nan pasaj sa ta kapab lojikman mennen yo plase rezidan alman yo nan

- (1) fòs konba
- (2) kan demenajman
- (3) pozisyon gouvènman
- (4) travay nan faktori minisyon

28 Ki deklarasyon ki bay yon opinyon ki kritike agiman otè a?

- (1) Prejije te prezante kòm sou fòm patriyotis.
- (2) Yo sakrifye enterè pèsonèl pou sekirite tout moun.
- (3) Yo te sijere apèzman kòm repons kont agresyon.
- (4) Yo prezante konpasyon kòm pi bon politik la.

29 Dimanch Sanglan nan peyi Larisi (1905) ak Masak Amenyen nan Anpi Otoman nan (1915) se de egzanp

- (1) politik latè-brile
- (2) migrasyon fòse
- (3) atwosite imen
- (4) revolisyon politik

30 Ki evènman ki te fè Larisi retire tèt li nan Premye Gè Mondyal la epi rann yon gwo kantite teritwa bay peyi Almay?

- (1) lanmò sibit Vladimir Lenin
- (2) fason Bolchevik yo pran pouvwa
- (3) reyinyon nan Konferans Yalta
- (4) asasina Akedik ostwo-ongwa Franz Ferdinand


31 Kemal Atatürk yo pi byen konnen paske l te ede Latiki vin

- (1) yon eta modèn ak eksklizyon
- (2) yon pouvwa enperyalis nan Lafrik ak Lazi
- (3) yon peyi kominis ki alye ak Inyon Sovyetik
- (4) yon peyi teyokratik ak lwa ki baze sou Koran

32 Youn nan gwo objektif plan senk ane nan Inyon Sovyetik la se te

- (1) ogmante pwodiksyon asye ak machin
- (2) pwodui plis machandiz pou konsomatè
- (3) elimine planifikasyon ekonomik santral la
- (4) chèche envestisman etranje dirèk

Sèvi ak tablo ki ki anba a ak sa ou konnen nan etid sosyal pou reponn kesyon 33.



33 Ki pi bon tit pou tablo sa a?

- (1) Evènman pandan Premye Gè Mondyal la
- (2) Rejim totalitè nan lagè yo
- (3) Pwoblèm ekonomik ant lagè yo
- (4) Kòz Dezyèm Gè Mondyal la

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 ak 35.

. . . Mwen mansyone tout detay sa yo, ke mwen sonje byen klè, nan lide pou bay yon sans sou chòk nou te soufri lè Miray la te tonbe sou nou yon lannwit. Lè sa a, nou te nan Bèlen, nan kwazman ant Lès ak Lwès, nan moman sa a nou nan de kilti fondamantalman diferan, epi toudenkou nou te fèmen tankou kanari nan yon kaj. Literalman, nou pase sot nan yon jou ale nan yon lòt, soti nan yon vil vibran e kiltive, Bèlen konmanse tonbe nan yon pwofon somèy [yon monotoni] nan yon apremidi ann ete nan pwovens yo. Nou te nan prizon nan yon peyi plat e monotòn. . . .

– Jens Reich, “Reflections on becoming an East German dissident, on losing the Wall and a country,” in Gwyn Prins, ed., *Spring in Winter: The 1989 Revolutions*

34 Ki evènman istorik ki dirèkteman reflekte nan pasaj sa a?

- (1) bati yon baryè ant Lès ak Lwès Bèlen
- (2) fòmasyon Pak Vasovi
- (3) okipasyon peyi Almay
- (4) Pon ayeryen Bèlen

35 Evènman istorik ki reflekte nan pasaj sa a senbolize tansyon ideolojik ant

- | | |
|------------------------------|----------------------------------|
| (1) legliz ak leta | (3) demokrasi ak kominis |
| (2) monachi absoli ak fachis | (4) pisans Aks ak pisans Alye yo |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 ak 37.

Noumenm, Moun Lafrik di sid, deklare ke tout peyi nou an ak lemond konnen:

ke Lafrik di sid se pou tout moun k ap viv ladan l, nwa ak blan, e pa gen okenn gouvènman ki ka reklame abondwa li gen otorite sòf si li baze l sou volonte pèp la;

ke yo te vòlè dwa nesans pèp nou an nan peyi a, libète ak lapè li pa mwayen yon fòm gouvènman ki fonde sou enjistis ak inegalite;

ke peyi nou an pap janm ka pwospere oswa lib jiskaske tout pèp nou an ap viv nan fratènite, jwi menm dwa ak menm opòtinite;

ke sèlman yon eta demokratik, ki baze sou volonte tout pèp la, ka sekirize tout dwa nesans yo san distenksyon nan koulè, ras, sèks oswa kwayans;

Se poutèt sa, nou, pèp Lafrik di sid, nwa ak blan ki egalego, konpatiyòt ak frè adopte Dokiman Libète sa a;

Epi nou pwomèt tèt nou yo pou nou goumen ansanm, san n pa menaje ni fòs ni kouraj, jouk chanjman demokratik nou mansyone la yo pote laviktwa.

— The Freedom Charter, adopted at the Congress of the People, Kliptown, South Africa, June 26, 1955


36 Ki sa moun ki siyen Dokiman Libète sa a mande pou peyi yo a?

- (1) opòtinite pou konbat lènmi
- (2) egalite pou tout sitwayen
- (3) separe eta souverèn yo
- (4) refòm ekonomik distenk

37 Dokiman Libète a te ekri pou reponn politik

- (1) izòlman li
- (2) pèsèkasyon relijye
- (3) verite ak rekonsilyasyon
- (4) apated

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 38 la.



Sous: Edmund S. Valtman, 1991


38 Ki seri pwoblèm ki pi dirèkteman kontribiye nan sitiwayon yo montre nan desen lane 1991 lan ki prezante Mikhail Gorbachev?

- (1) refize adopte ak aksepte èd nan Plan Machal la
- (2) yon grangou fòse nan Ikrèn ak rebelyon nan goulags yo
- (3) envazyon twoup etranje yo ak vil Sovyetik ki anba syèj militè yo
- (4) yon deteryorasyon ekonomi Sovyetik ak yon seri repiblik sesesyonis ki vle endepandans yo

39 Youn nan fason kote aksyon Ho Chi Minh ak Fidel Castro yo sanble sè ke toulède lidè yo

- (1) elimine kontak ak tout gwo pisans etranje yo
- (2) se te revolisyonè ki te etabli rejim kominis yo
- (3) ranfòse epi modènize gouvènman demokratik yo
- (4) ankouraje libète relijyon pou tout pèp yo a

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 40.



Sous: Michael Ramirez, *New York Daily News*, February 18, 2006 (adapte)

40 Kisa ide prensipal desen ane 2006 sa a ye?

- (1) Ekspòtasyon enfòmasyon elektwonik esansyèl nan ekonomi chinwa.
- (2) Kantite enfòmasyon elektwonik nan peyi Lachin kontwole.
- (3) Se Lachin ki te kreye otowout enfòmasyon rapid la.
- (4) Gwo Miray la pwoteje enfòmasyon chinwa yo kont moun ki ka atake l.


41 Ki deklarasyon konsènan Revolisyon Vèt ki se yon reyalite alapas yon lide pèsònèl?

- (1) Itilizasyon angrè chimik ak pestisid ogmante ranman pou chak inite teren nan kèk rejyon yo.
- (2) Itilizasyon zouti agrikòl ak teknoloji sofistike se sèl mwayen pou anpeche grangou.
- (3) Dezavantaj itilizasyon pwodui chimik nan agrikilti depase avantaj yo.
- (4) Pri sa mande pou sèvi ak teknoloji byojenetik agrikòl yo twò chè.

42 Nan 20yèm ak 21yèm syèk yo, Kid yo nan peyi Irak, palestinyen nan peyi Izrayèl ak tchechenn nan peyi Larisi te pwoteste epi goumen pou reyalize

- (1) estati satelit
- (2) asimilasyon kiltirèl
- (3) entèdepandans ekonomik
- (4) eta endepandan

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.



Sous: Tom Toles, *The New Republic*, September 12, 1994 (adapte)

43 Ki sijè desen ane 1994 sa a?

- (1) itilizasyon angrè ki bay anpil ranman (3) pwopagasyon materyèl nikleyè
 (2) retrè anksyon ekonomik (4) vyolasyon akò detant yo

- 44 • Yo pratike relijyon boudis nan peyi Lachin.
 • Yo pale panyòl nan peyi Meksik.
 • Pòm detè grandi nan peyi Larisi.

Deklarasyon sa yo reprezante egzanp

- (1) difizyon kiltirèl (3) konfli
 (2) detèminasyon pèsoneèl (4) etnosantris

45 Youn nan efè Revolisyon Neyolitik la se te

- (1) prezante investisman komèsyal nan konpayi an komen yo
 (2) elaji itilizasyon reyalis nan penti pòtrè ak penti peyizaj yo
 (3) devlope pwodiksyon sipli manje ak koloni pèmanan
 (4) pwouve ke Solèy la, non pa Latè, se sant sistèm solè a

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 46 la.

. . . Fwa sa yo pa vle di sa sèlman, menm si yo se chèf la, kote komèsan nwa sou kòt la ap apwovizyone yo ak nèg. Gen ti pati ladan yo, ant senk a dis, moun k ap fè kidnaping. Yo souvan mennen al nan kay komèsan yo; ak moun ki toujou ap travay nan ranmase [chache] yon rezèv, alòske yo dwe jwenn achtè. . . .

— Alexander Falconbridge, 1788

46 Kont Alexander Falconbridge la dekri

- (1) karavàn komès chamo yo sou wout Wout Swa a
 (2) premye etap nan komès esklav Atlantik la ann Afrik
 (3) sistèm encomienda nan Amerik Santral ak Amerik di Sid
 (4) orijin migrasyon Bantou a

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 47.



Sous: David Horsey, *Seattle Post-Intelligencer*, November 18, 2009

47 Ki deklarasyon ki pi byen reflekte lide prensipal desen ane 2009 sa a?

- (1) Lidè mondyal yo te fè tout sa yo kapab pou yo abode kesyon chanjman nan klima.
- (2) Lidè mondyal yo konsidere enpak alontèm yo sou chanjman nan klima.
- (3) Chanjman klima pa yon pwoblèm grav e lidè mondyal yo dwe fè yon ti kanpe sou sa.
- (4) Angajman ak reyinyon yo te lakòz yon ti aksyon enpòtan sou pwoblèm chanjman klima.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 48.

Evènman ki pase yèswo nan tout savann Moldavanka, Slobodka, ak Bugaieoka [nan peyi Larisi] se te evènman ki pi terib nan lanati. Yon gwo kantite bandi met ansanm ak polisye, anvayi tout kay jwif yo epi masakre moun ki ladan yo san pitye. . . .

— “Barbarous massacre in Odessa,” *Guardian*, November 1905


48 Evènman antisemit tankou sa yo kontribye nan ki mouvman?

- | | |
|----------------|--------------------------|
| (1) Syonis | (3) separatis |
| (2) Solidarite | (4) liberasyon teyolojik |

49 Avanse teknolojik nan astwolab, karavèl la, ak katografi amelyore yo plis gen rapò dirèkteman ak

- (1) fòmasyon Lig Anseyatik
- (2) Laj Eksplorasyon
- (3) ogmantasyon sosyalis chinwa
- (4) konkèt Mongòl yo

Sèvi ak chema kwonolojik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 la.



50 Ki tit ki pi byen mache ak chema kwonolojik sa a?

- (1) Devlopman Tolerans Relijye
 - (2) Etap sou Wout yon Rezo Komèsyal Global
 - (3) Echeyans Devlopman Demokratik
 - (4) Ekspansyon Teknoloji Militè
-

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman—Pèsonaj

Pandan tout listwa, yon seri pèsonaj te eseye pote chanjman politik, sosyal, ekonomik, ak entelektiyèl pa mwayen aksyon yo. Aksyon sa yo te jwenn plizyè kalite degre siksè.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** pèsonaj ki te eseye pote chanjman epi pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te mennen nan tèks pèsonaj sa te ekri a
- Dekri yon aksyon ke pèsonaj sa a pote pou chanje
- Diskite nan ki mezi aksyon pèsonaj sa a te reyisi pote chanjman

Ou ka itilize nenpòt pèsonaj nan etid istwa ak jewografi jeneral ou ki te eseye pote chanjman. Kèk sijesyon ou ta ka konsidere ladan yo genyen Confucius, Martin Luther, Galileo Galilei, Simón Bolívar, Karl Marx, Kemal Atatürk, Deng Xiaoping, Mohandas Gandhi, Nelson Mandela, Aung San Suu Kyi, ak Malala Yousafzai.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa itilize yon pèsonaj nan istwa Etazini nan repons ou a.

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Gen rate lè resous ki disponib yo pa rive satisfè bezwen ak dezi pèp la. Pèp, sosyete, ak gouvènman yo aji souvan pou jwenn resous *tankou manje, dlo fre*, ak *resous endistriyèl yo* lè yo ra. Aksyon sa yo gen yon divès kalite efè sou sosyete, nasyon, ak rejyon yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi *de (2)* resous ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri aksyon yo te pran an repons a ratman resous sa a
- Diskite sou fason aksyon sa yo afekte yon sosyete, nasyon, oswa yon rejyon

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezonman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout


Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1a

Mòn yo, plato van ak dezè nan peyi Pewou yo trè difisil pou kiltive. Plis pase plizyè milye ane, moun fè anpil efò pou donte peyizaj difisil sa yo. Yo te pote dlo pou wouze zòn sèk yo, fouye tè yo soti nan pant apik epi amelyore plant sovaj tankou pòm detè a jiskaske yo te vin rekòlte manje moun ka manje. Nan peryòd sivilizasyon Enka yo, yo te mete de tyè nan pwodiksyon kiltivatè yo sou kote pou anperè a ak prèt yo, kidonk te gen ti rekonpans pèsònèl pou moun ki te travay di. . . .

Sous: Philip Steele, *Step Into the Inca World*, Lorenz Books


Dokiman 1b



Dlo nan kanal yo absòbe chalè solèy la lajounen epi retounen n lannuit, pwosesis sa pwoteje rekòt yo kont jèl. Plis yo kiltive jaden yo nan fason sa a, se plis sa gen gwo efè sou mikwo-anviwònman an.

Platfòm yo jeneralman gen 13 a 33 pye lajè, 33 a 330 pye longè, ak anviwon 3 pye wotè, yo te konstwi avèk tè ki fouye nan kanal ki menm gwosè ak menm pwofondè.

Sediman nan kanal yo, alg ki ak azòt, ak plant ak bèt yo kontinye founi angrè pou rekòt yo. Nan yon eksperyans [modèn], pwodiksyon pòm detè [lè yo itilize metòd ki pi wo a] depase sa yo ki soti nan jaden chimik fètilize yo.



Pandan sechrès, imidite nan kanal yo monte nan rasin yo tou dousman. Pandan inondasyon, siyon yo [fose yo] fè dlo anplis yo ale. Kanal yo bay dlo tou pou irigasyon rekòt yo.

Sous: National Research Council, *Lost Crops of the Incas: Little-Known Plants of the Andes with Promise for Worldwide Cultivation*, National Academy Press (adapte)

1. Sèvi ak dokiman sa yo pou w di ki **youn nan** aksyon sivilizasyon Enka yo te pran pou yo pwodui manje? [1]

Score

Dokiman 2

. . . Sistèm depo a se te chanyè [koneksyon kle] ant pwodiksyon ak konsomasyon pou pèp Andeyen yo, pa sèlman sivilizasyon enka yo, men tou nan sosyete lokal yo. Se jis pou ba w yon lide sou anplè sa te genyen, selon kèk rapò, sivilizasyon Enka yo nan Cuzco [kapital Enka] te resevwa tout manje yo swa chak kat jou oswa chak jou nan depo leta yo. Anviwon 20,000 ak 50,000 moun te regilyèman apwovizyone. . . .

Sous: Interview with Terence D’Altroy, edited by Peter Tyson, “*Rise of the Inca*,” NOVA, PBS online, May 17, 2007

2 Dapre Terence D’Altroy, ki **youn nan** avantaj sistèm depo manje sivilizasyon Enka yo? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Anplis ke yo te posede sistèm agrikòl wòdpòte sa [chaje resous] ak travay piblik ekstrawòdinè, enka yo ak zansèt yo [zansèt] te gen fason remakab pou prezève manje.

Yon teknik yo te genyen se te seche rasin yo. Nan tèt mòn Andeyen yo, nwit yo tèlman frèt epi jounen yo tèlman cho, kidonk tibèkil yo [rasin] ki rete deyò pou kèk nwit ak kèk jounen yo vin sèch nèt. Anjeneral, pèp la kontribye nan pwosesis la lè yo kouvri tibèkil yo lannwit pou anpeche lawouze tonbe sou yo epi mache sou yo pandan lajounen pou jete dlo tibèkil yo te ranmase lannwit la.

Pwodui sa, ki anmajorite ak pòm detè a yo konnen kòm *chuño* a, te vital nan kapasite sivilizasyon Enka yo pou byen mennen konkèt yo a epi kenbe lòd nan anpi a. Pa egzanp, li te pèmèt plizyè milyon moun reziste kont katastwòf natirèl, li apwovizyone yon kantite pasaj, e li te bay yon asirans alontèm kont move rekòt yo (yon menas reyèl nan rejyon ki gen tandans jele sa a). Enka yo te tèlman byen planifye ke konkeran Hernando de Soto te deplase pou di: “Pa te janm gen grangou sou teritwa yo a.” Konkistadò yo rekonèt kalite *chuño* yo byen vit. Vreman vre, gen kèk èspanyol ki te fè fòtin lè yo te anbake *chuño* nan montay Potosí (nan Bolivi jodi a) pa mwayen tren llama kote se te manje prensipal esklav k ap travay nan min ajan yo. . . .

Sous: National Research Council, *Lost Crops of the Incas: Little-Known Plants of the Andes with Promise for Worldwide Cultivation*, National Academy Press

3a Sèvi ak dokiman sa a pou w ki **youn nan** aksyon sivilizasyon Enka yo te pran pou konsève manje yo? [1]

Score

b Sèvi ak dokiman sa a pou w ki **youn nan** rezon ki fè pwodiksyon pòm detè pèmèt sivilizasyon Enka yo te rive kenbe kontwòl anpi yo a? [1]

Score

Dokiman 4

. . . Pratikman chak peyi nan rejyon [Mwayen Oryan] ap kouri dèyè dlo toutan. Popilasyon rejyon an ap ogmante de 15 pousan a peprè an 2025—anviwon 350 milyon moun—kantite dlo yo ap bezwen ap double sa yo te bezwen nan lane 1975. Alòske peyi ki pi fon yo tankou peyi Lejip, peyi Siri, Irak, lòt bò larivyè Jouden, ak pèp Izrayèl la gen sous dlo lakay pa yo—sa yo rele fosil dlo a—sous sa yo [akwifè] pral fini rapidman epi yo pa prèt pou ranpli ankò. Dlo sa a, yo te jwenn nan akwifè anba tè yo, te bloke depi laj glas ki sot pase a; yonfwa dlo ki te ladan l nan fini, li ka pran plizyè milye ane anvan li ranpli ankò. . . .


Etandone akwifè yo pa gen gwo enpòtans ankò, gen twa rivyè ki bay prèske tout dlo pou rejyon an: larivyè Jouden, larivyè Nil, ak Tig/Efrat. Se pa etonan, gen gwo batay jewopolitik ki deja pete sou rivyè sa yo—kèk nan yo lakoz alyans politik mwayen oryan yo ap refòme yon fason etonan—epi gen batay kote san ap koule deja fèt pou gen kontwòl dlo a. . . .

Sous: Jeffrey Rothfeder, *Every Drop for Sale: Our Desperate Battle Over Water in a World About to Run Out*, Penguin Putnam, 2001

- 4 Selon Jeffrey Rothfeder, ki **youn nan** aksyon peyi nan Mwayen Oryan yo te pran pou reponn yon ratman dlo? [1]

Score

Politik idwolik nan Basen Larivyè Jouden an



Sous: Les Rowntree, et al., *Globalization and Diversity: Geography of a Changing World*, Prentice Hall, 2011 (adapte)

5a Sèvi ak enfòmasyon yo montre sou kat jewografik sa a pou w endike **youn nan** fason mwayen yo t ap jere ratman dlo a te afekte relasyon yo ak sosyete Mwayen Oryan yo. [1]

Score

Dokiman 5b

. . . Lè pa gen okenn sous dlo oswa rivyè, Gaza te ka konte prèske sèlman sou akwifè kotyè li yo nan listwa l, ki resevwa anviwon 50 a 60 milyon mètr kib dlo chak ane grasa lapli ki tonbe ak dlo ki soti nan mòn Hebron yo nan zòn lès la. Men, kantite dlo popilasyon Gaza bezwen an ogmante rapidman, menm bagay la pou kiltivatè izrayelyen ki toupre yo, sa vle di yo estime 160 milyon mètr kib dlo soti nan akwifè a ki deja andomaje [an danje] chak ane. Toutotan nivo dlo a ap desann, dlo ki soti toupre lanmè Mediterane a antre ladan l. Polisyon dlo sale sa a vin pi grav akòz dechè yo jwenn yo, ak 90 000 mètr kib dlo sal ki koule pou yo al kwaze ak dlo lanmè yo chak jou nan Gaza, dapre done Nasyonzini yo.

Malgre akwifè a, jwenn dlo tiyo nan wobinèt yo se yon liks anpil moun lavil Gaza pa konnen. Moun k ap viv nan tout teritwa a di ke pandan mwa ete yo, yo ka jwenn dlo nan wobinè yo chak de jou, e presyon an souvan tèlman fèb ke moun k ap viv nan etaj anwo a ka jis wè yon ti gout dlo. . . .

Sous: Zander Swinburne, "The water is running out in Gaza," *The Independent*, June 30, 2013

5b Selon Zander Swinburne, ki **youn nan** pwoblèm popilasyon Gaza a ap fè fas akòz relasyon kote li prèske depann totalman de yon akwifè kotyè pou rezèv dlo li yo? [1]

Score

Dokiman 6a



Sous: Lydia M. Pulsipher et al., *World Regional Geography: Global Patterns, Local Lives*, W.H. Freeman and Company, 2008 (adapte)

Dokiman 6b

...Rivyè Efrat, se sèl gran rivyè ki travèse teritwa siryen yo, se sèl sous dlo serye k ap koule ni pou pwogram irigasyon li yo ni pou kenbe nivo dlo a nan rezèwva lak Assad nan Tabqa Dam nan pou soutni pwodiksyon idwoelektrik baraj la.

Irak, antanke peyi ki pi lwen, soufri akòz politik peyi Latiki ak Siri yo nan zafè dlo. Yo di moun te kouri kite anpil ti bouk ann Irak akòz mank dlo nan zòn bò Efrat ak Tig. Otorite irakyen yo fè konnen pandan peyi Latiki ap klèwonnen li lage 500 mètr kib dlo rivyè nan baraj li yo anplis chak segonn, kantite li lage toutbon an se anviwon 200 mètr kib chak segonn.

Irakyen yo ak Siryen yo kwè ke peyi Latiki ap revandike tèt li kòm yon gwo pwisans idrografik [nan distribisyon dlo] rejyonal. Nan pwochen deseni an peyi Latiki prevwa konstwi 1 700 lòt baraj, prèske double enstalasyon peyi a. Atitid Latiki a fasa plent vwazen li yo parèt byen klè nan remak [rezime] prezidan tik la, Süleyman Demirel, te fè nan dat 25 jiyè 1992 nan kad inogirasyon baraj Atatürk Dam nan, kote li te di, “Ni Siri ni Irak pa ka reklame rivyè tik yo ankò menm jan Ankara [kapital peyi Latiki] pa kapab reklame petwòl nan men yo. Sa a se yon kesyon de souverènte. Nou gen dwa fè tout sa nou renmen. Resous dlo yo se pa peyi Latiki, resous petwòl yo se pou yo. Nou pa mande yo pataje resous petwòl pa yo a kidonk yo pa ka mande nou pataje resous dlo nou yo.”...

Sous: John Daly, “Turkey’s Water Policies Worry Downstream Neighbors,” *Turkey Analyst*, September 10, 2014

6a Sèvi ak kat jewografik sa a ak ekstrè John Daly a, endike **youn nan** pwoblèm politik jesyon dlo peyi Latiki a kreye pou peyi vwazen yo. [1]

Score

b Selon John Daly, ki pozisyon gouvènman peyi Latiki a konsènan enkyetid vwazen li yo nan zafè dlo a? [1]

Score

Dokiman 7a

. . . Men, se pa sèlman ak kesyon pwoblèm tè ak sipopilasyon peyi Japon ap fè fas. An menm tan tou, sa bay gwo depresyon paske li pa gen kontwòl pwòp limit li nan kesyon resous mineral esansyèl ki apwopriye nan endistri modèn. Li depann prèske antyèman sou peyi etranje pou min fè yo. Li pa gen anpil chabon ki ka itilize nan endistri asye a. Men, andikap ki pi grav la se mank petwòl, yon materyo ki vin pi enpòtan de jou an jou nan transpò ak nan endistri fabrikasyon. Si ou gade echikye diplomasi ewopeyen ak ameriken an, ou pap manke pa wè kijan chak nasyon ap eseye depase lòt pou pran kontwòl resous petwòl nan diferan pati nan mond lan.

Vin jwenn Japon kounye a, k ap goumen pou rezoud, omwen an pati, pwoblèm sipopilasyon pou li vin tounen yon nasyon endistriyèl e komèsyal, te deja gen mank twa materyo esansyèl nan endistri—petwòl, fè ak chabon an. Si li ta soti yon ti kras deyò zòn pa li a [teritwa] pou eseye jwenn, an palan de Sibéri oswa Lachin, privilèj pou travay resous mineral sa yo, yon epe Damoklès [yon menas pèmanan] sou fòm pwotestasyon, ofisyèl oswa otreman, ki soti nan nasyon oksidantal yo t ap pandye sou tèt li. . . .

Sous: K. K. Kawakami, "A Japanese Liberal's View," *The Nation*, November 9, 1921

7a Selon K.K. Kawakami, ki **youn nan** pwoblèm Japon te fè fas paske li manke resous endistriyèl petwòl, fè, ak chabon? [1]

Score

Dokiman 7b



Sous: John Keegan, *The Second World War*, Viking Books (adapte)

7b Sèvi ak enfòmasyon ki sou kat jewografik sa a pou di ki **you nan** fason peyi Japon te eseye rezoud pwoblèm li yo anrapò ak resous endistriyèl yo? [1]

Score

Dokiman 8

Soti nan pèspektiv Japonè a, ofansif ekonomik la lwès kont Japon te kòmanse nan lane 1939 lè Etazini te mete fen nan trete li yo ak Japon. Nan mitan ane 1940, Etazini te mete sanksyon ekonomik sou Japon kòm reyaksyon sou aksyon Japon yo.

. . . Si ofansif ekonomik lan te kontinye, Japon t ap nan kouri pou l jwenn matyè premyè, espesyalman petwòl, epi yo pa t ap kapab soutni lagè a Lachin. Yo te dwe fè yon chwa: sispann batay la nan peyi Lachin oswa al jwenn peyi Etazini, Angletè, ak Holland pou yo jwenn petwòl. Premye desizyon an t ap mande [egzije] pou l retire kò l Lachin, yon bagay ki t ap enposib kòm aksyon nan peryòd sa a. Atake lòt peyi yo te sèlman yon mwayen pou atenn yon objektif: jwenn petwòl depase peyi Lachin. Direktè Komisyon Planifikasyon an, Suzuki Teiichi, yon manm nan kabinè a ki deside fè lagè a, te di ke “byenke gen kèk moun ki akize Japon paske l te deklare lagè malgre yon mank resous,” yo te pran desizyon an pou yon lòt rezon: Japon te ale nan lagè *paske* resous li yo te ensifizan. Okazaki Ayakoto te byen plase pou li konprann atitud militè yo nan moman an. Antanke dirijan, dezyèm seksyon, Biwo Òdonans, Ministè Marin, Okazaki te responsab pou mobilizasyon resous. Men sa li te ekri pita: “Pwoblèm nan se te petwòl la. Si rezèv nou an ta fini, Japon t ap vin pi fèb de jou an jou tankou yon moun ki TB [ki fè tibèkiloz] k ap souffri jouk li tonbe mouri sou wout la. Yon lanmò tris e imilyan. Sepandan, si nou ta ka frape fò epi pou nou jwenn petwòl la nan sid la. . . .” Selon Okazaki, kalite “atitud [dezespere] sa a se te eleman fondamantal ki te mennen nou nan lagè a.” . . .

Sous: Saburō Ienaga, *The Pacific War, 1931–1945*, Pantheon Books, 1978 (adapte)

8 Selon Saburō Ienaga, ki ***youn nan*** pwoblèm Japon t ap fè fas si li kontinye goumen nan peyi Lachin? [1]

Score

Dokiman 9

. . . Destitasyon [gwo povrete] te blayi sou Japon nan fen Dezyèm Gè Mondyal la. Vil prensipal yo te tounen kote yo lage dekonm. Prèske 10 pousan nan popilasyon an te mouri oswa blese nan lagè a, epi anviwon 9 milyon moun te pèdi kay yo. Te prèske pa gen manje ak resous ankò, epi pwodiksyon asye a te redwi a sèlman yon dizyèm nan sa li te ye yon lane anvan sa epi ak gouvènman an t ap mezire manje a. Menm bagay debaz yo se achte prèske tout moun achte yo nan mache nwa epi, Yamaguchi Yoshitada, yon jij ki gen kè nan men te manje sèlman sa règleman yo pèmèt, te mouri grangou. Enflasyon te kòmanse monte an flèch; nan premye ane a apre ostilite sispann, pri yo te pase a 539 pousan! Moun yo te gen dout sou sivi a, rekiperasyon te parèt enposib. Sepandan, sèlman yon jenerasyon pita, nan lane 1969, Japon te vin twazyèm pi gwo ekonomi nan mond lan, ki merite etikèt “sipèta” ekonomis oksidantal yo ba li a. Se te kòmsi epòk Meiji a te fèt yon lòt fwa ankò: yon eta dezespere te simonte tout prediksyon fayit yo epi yo te itilize konpetans natif natal [kapasite] pa yo ak asistans oksidantal yo jwenn pou vin yon jeyan ekonomik ak yon lonbraj mondyal.

Sous: James L. Huffman, *Modern Japan: A History in Documents*, Oxford University Press, 2004 (adapte)

9 Selon James L. Huffman, ki **youn nan** efè negatif Dezyèm Gè Mondyal la te genyen sou Japon? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Gen rate lè resous ki disponib yo pa rive satisfè bezwen ak dezi pèp la. Pèp, sosyete, ak gouvènman yo aji souvan pou jwenn resous *tankou manje, dlo fre*, ak *resous endistriyèl yo* lè yo ra. Aksyon sa yo gen yon divès kalite efè sou sosyete, nasyon, ak rejyon yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi *de (2)* resous ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri aksyon yo te pran an repons a ratman resous sa a
- Diskite sou fason aksyon sa yo afekte yon sosyete, nasyon, oswa yon rejyon

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

